



Asistans Finansye ak Règleman sou Kredi ak Rekouvremen

Moun ki apwouve l la: Non: Brian Huggins
Tit: SVP Finance/Corp Comptroller
Dat:

Adopsyon Konsèy Administrasyon an: Harrington
Dat: 4/30/2025

Adopsyon Konsèy Administrasyon an: Health Alliance/Clinton
Dat: 3/28/2025

Adopsyon Konsèy Administrasyon an: Marlborough
Dat: 4/11/2025

Adopsyon Konsèy Administrasyon an: sant Medikal
Dat 6/4/2025

Adopsyon Konsèy Administrasyon an: Milford
Dat: 3/24/2025

Kontak:
Angela Confoey, Vis Prezidan Prensipal, Direktè Revni
Telefòn: 508- -340-7560
Imèl: angela.confoey@umassmemorial.org

Lis Sijè yo

I.	Politik.....	2
II.	Prestasyon Sèvis Swen Sante.....	3
	a. EMTALA.....	3
	b. Sèvis medikalman nesèsè ki pa ijan (“ochwa”) ki nesèsè nan domèn medikal.....	4
	c. Evènman Grav ki Dwe Siyale.....	4
III.	Kolekte Enfòmasyon Finansye nan men Pasyan yo.....	4
	a. Pasyan ki gen kouvèti asirans.....	4
	b. Pasyan ki pa gen Kouvèti Asirans.....	4
IV.	Pwogram Èd Finansye Commonwealth nan Massachusetts.....	5
	a. Health Safety Net.....	6
	b. Difikilte Medikal.....	7
	c. Eksklizyon Kouvèti Eta a.....	9
	d. Pwosesis Aplikasyon.....	9
	e. Verifikasyon Revni.....	9
	f. Verifikasyon Idantite.....	10
V.	Pwogram Èd Finansye UMass Memorial Health.....	10
	a. Pwosesis Aplikasyon.....	10
	b. Eljiblite.....	10
	c. Demann Konplè.....	11
	d. Demann Enkonplè.....	11
	e. Verifikasyon Revni.....	11
	f. Peryòd Kalifikasyon.....	12
	g. Sèvis Kalifye.....	12
	h. Sèvis ki pa Kalifye.....	12
	i. Baz pou Kalkile Montan yo Faktire.....	13
	j. Enfòmasyon ak Èd.....	14
VI.	Kouvèti Asirans Sipleman tè ak Swen ki Gen Rabè Lopital UMass Memorial Health yo ofri to Pasyan yo.....	14
	a. Kontinyasyon Kouvèti Asirans lan.....	14
	b. Rediksyon pou pèman rapid.....	14
VII.	Pwosedi Faktirasyon ak Rekouvremant.....	14
	a. Faktirasyon Tyès Pati Peyè yo.....	14
	b. Pwosesis Faktirasyon ak koleksyon pou Oto-Finansman ¹⁵	
	c. Aksyon Ekstrawòdinè pou Rekouvremant (Extraordinary Collection Actions, “ECA”)	16
	d. Sèvis Kliyantèl.....	16
	e. Plan Pèman.....	16
	f. Enterè.....	16
	g. Kondisyon Depo.....	16
	h. Privilèj.....	17
	i. Aksidan Otomobil/Responsablite Twazyèm Pati.....	17
	j. Fayit.....	17
	k. Dwa ak Responsablite Pasyan yo.....	17
	l. Egzanpsyon pou Faktirasyon ak Aksyon Rekouvremant pou Pèman Dirèk.....	18
VIII.	Glosè.....	19



Politik

Ed Finansye ak Politik sou Kredi ak Rekouvremman

Dat I ap Anvige: 7/11/2025

Pwopriyetè Plan Asirans lan: Jesyon Sik Revni

Anilasyon: Ranplase plan asirans yo:

- Plan asirans Harrington: Èd Finansye ak Kredi epi Rekouvremman, dat 09/07/2023
- Plan asirans Health Alliance/Clinton: Èd Finansye ak Kredi epi Rekouvremman, dat 09/07/2023
- Plan asirans Marlborough: Èd Finansye ak Kredi epi Rekouvremman, dat 03/09/2021
- Plan asirans Sant Medikal 1130: Finansye Èd; Kredi epi Rekouvremman, dat 2/28/2024

Moun ki Apwouve I la: Vis Prezidan Angela Confoey, Sik Revni, UMass Memorial Health

Moun ki Apwouve I la: Eric Dickson MD, PDG UMass Memorial Health

Pou Kiyès li Aplike: Plan Asirans sa a aplike pou sa ki annapre yo

Antite UMass Memorial Health yo: UMass Memorial Health - Harrington Hospital, Inc., UMass Memorial HealthAlliance-Clinton Hospital, Inc, Marlborough Hospital, UMass Memorial Health-Milford Regional Medical Center, Inc., ak UMass Memorial Medical Center, Inc. Plan Asirans sa a pa aplike pou UMass Memorial Medical Group, Inc. oswa Community Healthlink, Inc.

Mo kle: Kolèk Kredi, Dèt ki pa Peye, Èd Finansye, Filè Sekirite Sanitè ak EMTALA

Politik

- I. Politik Èd Finansye ak Kredi epi ak Rekouvman defini nòm UMass Memorial Medical Center, Inc. pral administre kolèk enfòmasyon finansyè ak asirans nan men pasyan yo, detèminasyon kalifikasyon pou Èd Finansye ak pwosesis faktirasyon ak rekouvman, an akò avèk (1) Politik Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Imen (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS) 101 CMR 613.00 Sèvis Kalifye nan Filè Sekirite Sanitè (2) Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid, Egzijans pou Dèt ki pa Peye Medicare (42CFR 413.89), 3J Manyèl Ranbousman Founisè Medicare yo (Pati 1, Chapit 3), ak (3) Kòd Revni Entèn Seksyon 501 (r) jan yo mande sa anba seksyon 9007 (a) Lwa Federal Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab (Pub. L. No. 111-148) epi jan yo presize sa nan klarifikasyon IRS 29 desanm 2015 konsènan deklarasyon enfòmasyon sa yo nan fòm IRS 990 lopital la. Y ap depoze Politik Èd Finansye ak Kredi epi ak Rekouvremman yo yon fason elektwonik nan Biwo Health Safety Net la, an akò ak egzijans politik an.

UMass Memorial Medical Center, Inc. pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sitwayènte, nasyonalite, relijyon, kwayans, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, laj oswa andikap nan nenpòt nan politik li yo konsènan rasanbleman ak verifikasyon enfòmasyon finansye, depo garanti avan admisyon oswa avan tretman, plan pèman, admisyon ranvwaye oswa rejte, oswa estati Pasyan ki gen ti revni fèb.

II. Prestasyon Sèvis Swen Sante

a. EMTALA. Pou asire tout pasyan ki prezante nan Lopital UMass Memorial Health k ap mande egzamen oswa tretman pou yon ijans medikal resevwa yon egzamen medikal apwopriye, estabilizasyon, epi si sa nesèsè, transfè an akò avèk Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Travay (Emergency Medical Treatment and Labor Act, EMTALA). Lopital UMass Memorial Health yo p ap patisipe nan aktivite ki dekouraje moun pou yo pa chèche swen medikal ijans. Sa gen ladan l reta nan dispozisyon pou yon egzamen medikal apwopriye oswa plis egzamen medikal ak tretman pou estabilize pwoblèm medikal la pou yo ka mande enfòmasyon sou metòd peman moun nan, estati asirans li, oswa pou jwenn siyati sou yon fòm responsablite finansye oswa yon fòm notifikasyon benefisyè davans. Lopital UMass Memorial Health p ap pèmèt aktivite koleksyon dèt nan sal ijans lan oswa lòt zòn nan etablisman lopital la kote kalite aktivite sa yo ta ka deranje dispozisyon pou zafè swen ijans yo. Yo p ap fè demann pou kopeman asirans anvan yon egzamen medikal ak estabilizasyon.

i. **Sèvis Nivo Ijans yo se:** Sèvis ki nesèsè sou plan medikal yo bay aprè aparisyon eta patolojik la, kit se fizik oswa mantal, ki manifeste ak sentòm ki ase grav, tankou doule grav, kote yon moun ki pa yon espesyalis pridan ki gen yon konesans mwayen sou sante ak medsin ta dwe rezonabman atann li pou absans swen medikal yo mete sante moun nan oswa yon lòt moun an danje grav, antrene yon andikap grav nan fonksyon òganik oswa malfonksyonman grav nenpòt ògàn oswa pati nan kò a oswa, nan ka kote yon fanm ansent ki gen kontraksyon: pa gen ase tan pou fè yon transfè san danje nan yon lòt lopital anvan akouchman oswa transfè a ka reprezante yon menas pou sante ak sekirite fanm nan oswa timoun ki poko fèt la. Yon egzamen medikal pou depistaj ak tout tretman ki vin aprè pou yon kondisyon medikal ijans ki egziste deja oswa nenpòt lòt sèvis yo rann nan mezi sa lalwa federal EMTALA mande (42 USC 1395(dd)), li konsidere kòm yon Sèvis Nivo Ijans.

ii. **Sèvis Swen Ijans gen ladan:** Sèvis medikal ki nesèsè yo bay apre yon pwoblèm medikal ki parèt bridsoukou, kit se fizik oswa mantal, ki manifeste atravè sentòm egi ki ase grav (tankou gwo tonton doule) pou yon moun rezonab pa ta kwè si yo pa bay moun sa a swen medikal nan 24 kèk èdtan, yon fason rezonab ap atann li sa ap mete sante pasyan an an danje, afekte fonksyon kò a, oswa nenpòt ògàn oswa yon pati nan kò a sispann fonksyone. Yo bay Sèvis Swen Ijans pou pwoblèm sante ki pa menase lavi yon moun epi ki pa poze yon gwo risk pou domaj grav nan sante yon moun, men pou moun sèvis medikal rapid nesèsè. Nòt Konsènan EMTALA: An akò avèk egzijans federal yo, EMTALA aplike pou nenpòt moun ki vin nan lopital la pou mande fè egzamen oswa tretman pou yon sèvis nivo ijans (pwoblèm medikal ijan), oswa ki antre nan depatman ijans lan pou mande fè egzamen oswa tretman pou yon pwoblèm medikal. Pi souvan, se moun ki pa gen yon randevou ki vin nan sèvis ijans lan. Sepandan, moun ki pa t gen randevou epi k ap mande sèvis pou yon ijans medikal pandan yo vini nan yon lòt inite ospitalizasyon, klinik, oswa lòt anèks ka sibi yon egzamen medikal ijans an akò avèk EMTALA tou. Yo pral fè egzamen ak tretman pou pasyan an pou pwoblèm medikal ijans oswa nenpòt lòt sèvis nan mezi EMTALA egzije a, epi yo pral konsidere yo kòm swen ijans. Se doktè ki ap egzamine pasyan an oswa yon lòt pèsònèl medikal kalifye nan lopital la ki detèmine gen yon ijans medikal, jan sa dokimante nan dosye medikal la.

- b. **Sèvis medikalman nesèsè ki pa ijan (“ochwa”) ki nesèsè nan domèn medikal** - Pou pasyan ki swa (1) rive nan lopital la k ap chèche swen ki pa ijan oswa (2) k ap chèche swen siplemantè aprè estabilizasyon yon pwoblèm medikal an ijans, UMass Memorial Health Hospitals. ap kolekte enfòmasyon finansye nan men pasyan an, ede pasyan an jwenn/verifye kouvèti asirans pou sèvis yo ak/oswa fè lòt aranjman finansye ki dekri nan dokiman sa a. Sèvis opsyonèl: Sèvis medikalman nesèsè ki pa reponn ak kritè definisyon Ijans yo site pi wo a. Jeneralman, sèvis sa yo se swa swen prensipal/espesyalize oswa pwosedi medikal pasyan an oswa founisè swen sante a pwograme davans.
- c. **Evènman Grav ki Dwe Siyale** - Lopital UMass Memorial Health yo respekte egzijans faktirasyon ki aplikab yo, tankou egzijans Depatman Sante Piblik la pou moun ki pa peye pou sèten Evènman Grav yo Dwe Siyale ak Efè Grav ki Gen rapò ak Medikaman.

III. **Kolekte Enfòmasyon Finansye nan men Pasyan yo**

UMass Memorial Health Hospitals. ap fè efò rezonab epi eseye jwenn tout enfòmasyon finansye, demografik, asirans ak responsablite sivil ki enpòtan nan men pasyan yo anvan yo bay sèvis opsyonèl ki pa ijan yo, jan sa dekri anba a. Y ap kolekte enfòmasyon sa yo nan men pasyan ki bezwen swen ijan pi vit posib yo, men sèlman lè EMTALA otorize sa.

- a. **Pasyan ki gen kouvèti asirans** – Pou pasyan ki gen asirans sante oswa pou pasyan ki anba kouvèti yon òganis konpansasyon pou aksidan travay, yon konpayi asirans otomobil, oswa nenpòt lòt tyès pati ki responsab pèman sèvis yo bay yo, UMass Memorial Health Hospitals. ap fè pi bon efò pou kolekte tout enfòmasyon ki nesèsè pou soumèt yon demann ranbousman bay konpayi asirans lan pou sèvis yo bay yo
 - 1. Verifikasyon Asirans – Chak fwa sa posib, UMass Memorial Health Hospitals. ap verifye kalifikasyon asirans yon pasyan atravè mwayen elektwonik oswa telefonik ansanm ak Sistèm Verifikasyon kalifikasyon MassHealth la (MassHealth Eligibility Verification, EVS) pou verifikasyon kalifikasyon nan yon pwogram Èd piblik, anvan pasyan an rive pou chak dat sèvis yo. Lè sa a pa rive, y ap verifye kalifikasyon yo lè yo rive, oswa pi vit posib aprè sa, pa mwayen elektwonik/telefonik ak/oswa egzaminen kat asirans pasyan an
 - 11. Kondisyon pou Rekòmandasyon ak Otorizasyon – UMass Memorial Health Hospitals. ap eseye jwenn ak/oswa verifye tout referans ak otorizasyon konpayi asirans pasyan an mande yo anvan yo bay sèvis yo.
 - 111. Ko-Pèman/Ko-Asirans/Franchiz/Sèvis ki pa Kouvri – Lè yon pasyan ki gen asirans responsab pou yon pati nan fakti a, UMass Memorial Medical Center, Inc. ap eseye, nan limit sa posib la, kolekte montan sa a, oswa etabli yon aranjman pèman anvan li bay sèvis yo. Si li pa posib pou kolekte kantite lajan ki dwe a anvan sèvis la, UMass Memorial Medical Center, Inc. ap pouswiv li atravè pwosesis faktirasyon ak rekouvman an.
 - 1v. Obligatwa-Tout pasyan ki gen asirans yo dwe siyen yon fòm Atribisyon Avantaj (Assignment of Benefits, AOB) ak nenpòt lòt fòm konpayi asirans yo oswa règleman yo egzije pou yo ka voye fakti epi kolekte pèman nan men konpayi asirans tyès pati yo a. Si Lopital UMass Memorial Health yo pa kapab jwenn yon AOB ki siyen, li pral responsab pou tout frè yo.
- b. **Pasyan ki pa gen Kouvèti Asirans** – UMass Memorial Health Hospitals. ap eseye ede tout pasyan ki anrejistre kòm “Pèman Dirèk” pou idantifye ak jwenn yon kouvèti asirans, ak/oswa etabli yon plan pèman pou montan yo detèmine ki se responsablite yon pasyan.

- i. Y ap afiche pano an Anglè, Espanyòl, Pòtigè, Arab ak Vyetnamiyen pou enfòmasyon yo de egzistans Èd Finansye, ak endike ki moun pou yo kontakte pou yo jwenn Èd pou demach yo. Pano sa yo ap vizib klèman epi y ap afiche nan zòn pasyan yo frekante anpil, tankou nan zòn sa yo:
 1. Biwo Admisyon ak Sal Atant
 2. Zòn Enskripsyon ak Sal Atant pou pasyan ekstèn yo
 3. Zòn Enskripsyon ak Sal Atant pou Ijans
 4. Biwo Konsèy Finansye ki nan Lopital UMass Memorial Health yo
 5. Biwo Sèvis Kliyantèl Sèvis Finansye Pasyan yo
- ii. Bwochi endividyèl k ap fè pasyan yo konnen gen yon Èd Finansye ki disponib pou pasyan ki kalifye yo ap disponib nan tout biwo Admisyon, Enskripsyon ak Konsèy Finansye yo.
- iii. Tout pasyan Klinik Anbilatwa ak pasyan ki gen randevou pou yon pwosedi opsyonèl, ki anrejistre kòm Paman Dirèk, y ap refere yo bay yon Konseye Aplikasyon ki Sètifye. Tout pasyan ki entènè ki anrejistre kòm oto-peyan ap resevwa vizit yon Konseye Aplikasyon ki Sètifye pandan admisyon yo oswa y ap kontakte yo apre egzeyat yo.
- iv. Premye faakti pasyan yo ak tout deklarasyon ki vin apre yo ap gen yon avi k ap enfòmasyon pasyan yo de egzistans yon Èd Finansye epi endike yon nimewo telefòn pou rele.

IV. **Pwogram Èd Finansye Commonwealth nan Massachusetts**

UMass Memorial Medical Center, Inc. ofri anpil Èd finansye pou pasyan yo selon nivo revni fanmi an ak lòt kritè ki dekri anba a. UMass Memorial Medical Center, Inc. te fè yon kontra ak Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal (MassHealth) ak Otorite Konèktè Asirans Maladi Commonwealth la - Commonwealth Health Insurance Connector Authority - (Connector) epi yo konsidere li kòm yon Òganizasyon Konseye Aplikasyon Sètifye. UMass Memorial Medical Center, Inc. anplwaye yon gwo kantite Konseye Aplikasyon Sètifye (Certified Application Counselors, CAC) ki disponib nan tout UMass Memorial Medical Center, Inc. pou ede moun k ap chèche èd pou aplike pou Èd Finansye yo.

Pou ede pasyan yo benefisye yon kouvèti Èd finansye ki apwopriye a, CAC yo dwe:

- i. Bay enfòmasyon sou pwogram ki disponib yo.
- ii. Bay pasyan yo fòm ki apwopriye pou MassHealth, Health Safety Net, ak Children's Medical Security Program, Premium Assistance Payment Programs ki anba kontwòl Health Connector, Medical Hardship ak lòt kalite Èd Finansye ki ka kouvri tout oswa moso nan fakti ki pa peye yo.
- iii. Ede pasyan yo nan pwosesis demann ak renouvèlman an.
- iv. Travay ak pasyan yo pou jwenn tout dokiman ki nesèsè yo.
- v. Fè efò rezonab, dilijan pou suiv sitiyasyon avansman demann nan jiska desizyon final la.
- vi. Ede pasyan yo enskri nan yon plan asirans sante vu.
- vii. Ofri epi bay èd pou enskripsyon moun k ap vote.

- a. **Health Safety Net** – Lwa Massachusetts prevwa kouvèti pou sèvis swen sante atravè Health Safety Net pasyan ki pa gen gwo revni yo, sou baz sou rezidans yo nan Massachusetts, verifikasyon idantite ak yon Revni total Ajiste Modifye nan MassHealth (Modified Adjusted Gross Income, MAGI) oswa yon Revni Familyal ki ka kontabilize, sizoka ta gen Difikilte Medikal egal ak oswa mwens pase 300% nivo povrete federal la (FPL).

Yon moun p ap elijib pou Health Safety Net si yo detèmine li elijib pou MassHealth oswa yon Pwogram Asistans Prim ki anba kontwòl Health Connector, ki gen ladan pwogram asistans prim lan, epi yo pa enskri oswa kouvèti an kanpe akòz li pa peye prim yo.

1. **Health Safety Net Primary** – Yo ka konsidere pasyan ki pa gen asirans ki gen revni MassHealth MAGI nan kay la ki verifiye oswa ki gen Medical Hardship Family Countable Income yo ki ant 1-300% FPL la, yo se Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni dapre Gid EOHHS yo epi ki ka benefisye Sèvis Kalifye Health Safety Net yo, dapre kondisyon ki pi ba yo.
 1. Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni ki ba yo ki kalifye pou enskri nan yon Pwogram Pèman Èd Prim ki anba kontwòl Health Connector yo ka benefisye yon peryòd 100 jou ki kòmanse nan Dat Kouvèti Medikal pasyan an.
 2. Elèv yo soumèt ak egzijans pwogram asirans sante pou elèv nan eta a pa kalifye pou Pwogram Health Safety Net Primary a.
 3. Aksè ak asirans sante anplwayè a patisipe pou peye yo konsidere kòm abòdab eksepte pou peryòd datant anplwayè a.
11. **Health Safety Net Secondary** – Pasyan ki gen lòt asirans sante prensipal, tankou elèv ki enskri nan yon Plan Sante Elèv ki Kalifye ak revni MassHealth MAGI kay la oswa Revni Fanmi akòz Difikilte Medikal ki ant 11-300 % nan FPL la ka kalifye antanke yon Pasyan ki gen revni fèb epi ou ka benefisye pwogram Health Safety Net Secondary, sou kondisyon sa yo.
 1. Health Safety Net Secondary ap sèlman kouvri sèvis dantè yo pa kouvri nan Pwogram Èd Prim ki anba kontwòl Health Connector pou moun ki kalifye pou Pwogram Pèman Èd Prim ki anba kontwòl Health Connector ki an aplikasyon depi nan 101èm jou a, apati Dat Kouvèti Medikal la.
 2. Health Safety Net Secondary ap sèlman kouvri sèvis dantè pou granmoun yo bay nan sant sante kominotè, sant sante lopital otorize yo oswa yon klinik afilye pou moun ki enskri nan MassHealth Standard, CommonHealth, MassHealth CarePlus ak Family Assistance, eksepte MassHealth Family Assistance-Children.
111. **Health Safety Net Partial** -A Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni kalifye swa pou Health Safety Net Primary oswa pou Health Safety Net Secondary avèk revni moun nan kay la MassHealth MAGI verifiye oswa Revni Kontab Familyal ki gen Difikilte Medikal ant 150.01% ak 3000/o nan FPL la ka kalifye pou Health Safety Net-Partial avèk yon franchiz familyal anyèl. Franchiz anyèl la ap aplike sèlman si revni endividyèl tout manm Gwoup Familyal Faktirasyon Prim (Premium Billing Family Group, PBFPG) la pi plis pase 150.01% nan FPL la.

Sizoka li ta elijib, franchiz anyèl la ap egal a pi wo nan de (2) montan sa yo:

 1. 40% diferans ki genyen ant revni ki pi ba swa MassHealth MAGI Fanmi oswa Revni Fanmi ki ka Kontabilize Sizoka ta gen Difikilte Medikal (Medical Hardship Family Countable Income) nan PBFPG aplikan an ak 200% nan FPL la.

2. Pri ki pi ba nan Pwogram asistans prim Health Connector premium ap dirije yo, epi ajiste pou gwosè PBFG yo yon fason ki pwopòsyonèl ak revni estanda pou FPL la nan MassHealth, nan kòmansman ane sivil la.

Si nenpòt manm nan PBFG a gen yon revni ki pi ba pase 150% nan FPL a p ap gen okenn franchiz pou manm PBFG sa. Depans ki depase montan franchiz la ap soti nan tout aktivite faktirasyon ak rekouvman.

UMass Memorial Medical Center, Inc. Konseye Aplikasyon Sètifye yo ap suiv depans ranbousab yo otorize yo, jiskaske pasyan an atenn franchiz yo. Si pasyan an resevwa sèvis nan men founisè yo anplis UMass Memorial Medical Center, Inc., se responsablite pasyan an pou l suiv montan franchiz la epi fè UMass Memorial Medical Center, Inc. konnen lè li atenn franchiz la. Kopeman ak frè famasi yo p ap aplike nan franchiz la.

Anplwaye Rekouvman UMass Memorial Medical Center, Inc. yo suiv pèman franchiz yo. Si yon pasyan/fanmi pa respekte franchiz li a, UMass Memorial Medical Center, Inc. ap suiv pwosedi faktirasyon ak rekouvman an pou kont Peman Dirèk yo jan sa dekri nan seksyon kont oto-peyan yo nan politik sa a.

Pwosesis aplikasyon an, esklizyon kouvèti Eta a ak pwosedi verifikasyon revni yo se menm jan ak pa Health Safety Net Primary yo.

- 1v. **Prezime Kalifikasyon nan Health Safety Net** – pafwa yon pasyan ka kalifye pou Health Safety Net epi li pa kapab ranpli yon demann konplè nan dat sèvis la. UMass Memorial Medical Center, Inc. gendwa detèmine moun nan se yon Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni selon direktiv revni ak Fanmi Health Safety Net la, pou yon peryòd tan limite. Detèminasyon an ap baze sou enfòmasyon pasyan an bay sou fòm Biwo Health Safety Net la. Peryòd kalifikasyon a ap kòmanse nan dat UMass Memorial Medical Center, Inc. pran desizyon an epi l ap kontinye jis nan dènye jou nan mwatye ki vin aprè a oswa lè moun nan soumèt yon demann konplè epi li resevwa yon desizyon nan men Mass Health oswa Health Connector.

- b. **Difikilte Medikal** – Yon rezidan Massachusetts, nan nenpòt nivo revni kontabilizab, kapab aplike pou pwogram Difikilte Medikal la (Medical Hardship) si frè medikal yo tèlman diminye revni fanmi an, li vin pa kapab peye pou sèvis kalifye yo. Frè Medikal Admisib pou aplikan an, jan sa defini pi ba a, dwe depase yon pousantaj espesifik nan revni kontabilizab aplikan an, jan sa a ekri a:

Nivo Revni Kontab	Frè Medikal Admisib yo kòm yon Pousantaj nan Revni kontabilizab yo
0 - 205% FPL	10%

205.1 - 305% FPL	15%
305.1 - 405%	20%
405.1 - 605% FPL	30%
>605.1% FPL	40%

Biwo Health Safety Net la ap bay demann nan ak trete pwosesis detèminasyon Difikilte Medikal ki baze sou dokiman UMass Memorial Medical Center, Inc. ak pasyan an soumèt yo. UMass Memorial Medical Center, Inc. ap soumèt demann Difikilte Medikal la nan 5 jou ouvrab aprè li resevwa tout dokiman yo te mande pasyan an. Biwo Health Safety Net ap revize epi trete yon demann pou Difikilte Medikal si Depans Medikal Akseptab aplikan an depase pousantaj Revni Kontabilizab ki endike anwo a. Biwo Health Safety Net p ap trete yon demann Difikilte Medikal pou tout moun ki gen revni yo mwens pase 405% FPL la, sof si moun nan aplike avan nan Ajans MassHealth la epi li resevwa yon desizyon. Yo ka soumèt de (2) aplikasyon pou difikilte Medikal nan yon peryòd 12 mwa.

1. Frè Medikal Akseptab yo – Total fakti medikal fanmi ki nan Difikilte Medikal ki soti nan men tout founisè swen sante ki, si yo peye, t ap kalifye kòm frè medikal dediktib pou rezon enpo federal sou revni. Sa a ka gen ladan l, fakti ki peye ak ki poko peye pasyan an toujou responsab epi ki fèt jiska douz (90) mwa anvan dat demann nan. Fakti ki fèt pandan aplikan an se yon Pasyan ki gen revni fèb, sof si yo se Pasyan ki gen revni fèb pou swen dantè sèlman nan dat sèvis la. Si yon pasyan pa resevwa yon fakti pou plis pase 1 mwa apati dat sèvis la, li ka toujou jwenn li si demann Difikilte Medikal la fèt nan 9 jou aprè premye fakti a. Fakti ki poko peye ki antre nan detèminasyon Difikilte Medikal yo p ap antre nan demann Difikilte Medikal ki vin aprè a. Depans Medikal Akseptab yo p ap gen fakti pou sèvis pasyan yo fè pandan y ap enskri nan MassHealth oswa nan yon Pwogram Pèman Èd Prim ki anba kontwòl Health Connector.
11. Kontribisyon Aplikan an - pousantaj espesifye nan revni kontabilizab la jan endike pi wo a. Gen yon sèl kotizasyon pou Difikilte Medikal pou chak detèminasyon Difikilte Medikal.
- m. Notifikasyon Desizyon- Health Safety Net Office ap fè aplikan yo konnen desizyon an. Sa ap gen:
 1. Dat yo ka enkli Frè Medikal akseptab yo.
 2. Kantite kontribisyon aplikan an pou Difikilte Medikal.
 3. Sèvis ki pa kalifye kòm sèvis elijib yo.
 4. Non ak nimewo yon moun pou kontakte pou plis enfòmasyon.
 5. Notifikasyon refi a ap eksplike rezon refi a.
- lv. Notifikasyon Founisè a- Health Safety Net ap fè founisè a konnen bagay sa yo:
 1. Desizyon an ak fakti ki antre nan Frè Medikal Admisib pou aplikan an.
 2. Kontribisyon aplikan an bay chak Founisè Health Safety Net baze sou frè total ak dat sèvis yo te bay fanmi moun ki aplike a.
- v. UMass Memorial Health Hospitals. ap soumèt reklamasyon yo bay Biwo Health Safety Net pou sèvis Difikilte Medikal ki depase kontribisyon Difikilte Medikal pasyan an.
- vi. UMass Memorial Health Hospitals. ap voye fakti aplikan an pou kontribisyon Difikilte Medikal la, sof si yo gen yon estati Pasyan Revni ki ba oswa yo kalifye pou MassHealth.

- v11. UMass Memorial Health Hospitals. ap kanpe tout efò rekouvman kont yon reklamasyon dèt ki ka rekipere an ijans ki apwouve pou Difikilte Medikal anba pwogram Health Safety Net la.
- v111. UMass Memorial Health Hospitals. ap kanpe efò pou kolekte fakti ki nan lis detèminasyon Difikilte Medikal la epi y ap kalifye pou pèman Difikilte Medikal, si pou nenpòt rezon aplikasyon an pa depoze nan 111 jou ouvrab.
- c. **Esklizyon Kouvèti Eta a** ki enimerè anba a se sitiyasyon kote Health Safety Net p ap ofri kouvèti. (Remak: Gen kèk nan sèvis sa yo ki garanti atravè “Kouvèti Sipleman tè Ak Swen a Pri Redui” UMass Memorial Medical Center, Inc. ki dekri nan Seksyon VI la).
1. Sèvis ki pa Nesesè Medikalman.
 11. MassHealth, Connector Care, ak ko-pèman asirans prive yo. Demann yo refize pou tout erè administratif oswa faktirasyon.
 111. Sèvis yo bay yon pasyan ki gen asirans sante prive epi yo konsidere yo pa nan rezo founisè asirans sante a.
- d. **Pwosesis Aplikasyon** – Pasyan k ap chèche Èd finansye yo ap oblije aplike pou kouvèti MassHealth, Pwogram Èd Prim ki anba kontwòl Health Connector, Health Safety Net, ak Pwogram Sekirite Medikal pou Timoun. Pasyan yo dwe ranpli epi soumèt, yon aplikasyon atravè Echanj Asirans Sante ki sou sitwèb Health Connector Eta a, yon demann sou papye MassHealth bay, oswa yon demann pa telefòn ak yon reprezantan sèvis kliyantèl ki sitiye swa nan MassHealth oswa nan Connector. Èd pou pwosesis demann nan disponib nan yon CAC (kit se nan UMass Memorial Health Hospitals. oswa yon lòt kote). Ajans MassHealth oswa Health Connector la ap trete tout demann yo epi fè moun nan konnen si li kalifye pou MassHealth oswa sou kalifikasyon li pou yon Pwogram Èd Prim ki anba kontwòl Health Connector oswa pou sitiyasyon Pasyan ki gen revni fèb (Health Safety Net).
- Nan sikonstans espesyal, UMass Memorial Health Hospitals. ka fè yon demann pou pasyan an gras avèk yon fòm espesifik Biwo Health Safety Net la deziyen pou moun k ap chèche kouvèti Èd Finansye akòz yo nan prizon, yo viktim abi mari oswa madanm, moun ki mouri, sèvis konfidansyèl pou minè, sitiyasyon pasyan ki gen revni ki fèb oswa k ap aplike akòz yon difikilte medikal.
- e. **Verifikasyon Revni** – Yo ka verifye revni kay la gras ak korespondans elektwonik oswa verifikasyon sou papye. MassHealth itilize sous done federal ak nasyonal pou eseye korespondans revni ki endike nan aplikasyon an. Y ap konsidere revni yo kòm verifye si korespondans done eta a konpatib rezonabman ak revni yo deklare yo. Si MassHealth pa kapab verifye revni atravè yon korespondans elektwonik, yo dwe verifye li pa youn oswa plizyè nan bagay sa yo:
1. **Revni Ou Touche:**
 1. Dènye souch chèk
 2. Yon deklarasyon Patwon an siyen
 3. Dènye Deklarasyon Enpo Federal sou Revni
 4. Lòt sous Konparab

11. Revni Ou Pa Touche:

1. Yon kopi yon chèk ki resan oswa souch chèk ki soti nan sous revni an
 2. Yon deklarasyon ki soti nan sous revni kote korespondans lan pa disponib
 3. Dènye Deklarasyon Enpo Federal sou Revni
 4. Lòt sous Konparab
- f. **Verifikasyon Idantite-** Aplikan yo dwe bay prèv idantite yo ak dokiman ki genyen yon foto oswa lòt enfòmasyon idantite yo, tankou non, laj, sèks, ras, wotè, pwa, koulè je ak adrès. Dokiman ki akseptab yo se:
1. Pèmi kondui yon Eta oswa Teritwa bay
 11. Kat idantifikasyon yon lekòl, Lame, yon gouvènman federal, eta oswa lokal bay, yon kat depandan militè oswa Marin Machann Gad-kot Ameriken yo (US Coast Guard Merchant Marine)
 - u1. Paspò Ameriken ak paspò peyi etranje
 - 1v. Dosye klinik la, doktè a, lopital la oswa lekòl pou timoun ki poko gen 1 lane, De (19) dokiman ki bay enfòmasyon ki konsistan avèk idantite aplikan an tankou, diplòm lekòl segondè ak kolèj, dosye maryaj oswa divòs, tit pwopriyete, kontra lokasyon
 - v. Yon sètifika idantiteyon ajans federal oswa eta bay, si ajans lan verifiye idantite a
 - v1. Yon atestasyon sou sèman ki siyen, anba penalite pou fo temwayaj, atravè yon lòt moun ki kapab rezonabman temwaye sou idantite yon moun, si pa gen okenn lòt dokiman ki disponib.

V. Pwogram Èd Finansye UMass Memorial Health

Kòm yon pati nan UMass Memorial Health Care System, se politik UMass Memorial Medical Center, Inc. pou bay pasyan ki kalifye yo swen a pri redui, dapre Seksyon 501 (r) IRS la. Pou moun yo detèmine ki kalifye yo, UMass Memorial Medical Center, Inc. p ap fè w peye plis pase kantite lajan yo faktire yon pasyan ki gen kouvèti asirans pou sèvis ijans jeneralman, ijans ak sèvis medikal ki nesèsè. Sèvis Konsèy Finansye Pasyan an ap pwenn kontak pou bay pasyan yo politik yo alekri, yon rezime politik la, fòm pou demann nan ak Èd nan pwosesis demann nan.

- a. **Pwosesis Aplikasyon** Yon aplikan k ap fè yon demann pou Èd Finansye dwe soumèt yon Demann pou Èd Finansye UMass Memorial Health Care ranpli epi siyen. Demann nan dwe akonpaye ak tout verifikasyon revni obligatwa yo.

Yon demann ap sifi pou tout manm fanmi an ki nan lis demann nan.

- b. **Elijiblite** Pou detèmine elijiblite yon aplikan pou Pwogram Asistans Finansye UMass Memorial Health Care la, yon aplikan dwe ranpli kritè sa yo:
 - i. Revni ak gwosè fanmi an dwe ant 0-600% nivo povrete federal la.
 11. Ranpli epi siyen yon demann Èd finansye.
 - n1. Bay verifikasyon revni pou tout moun ki konsène yo nan kay la.

- iv. Aplike pou tout Èd medikal eta oswa gouvènman an yo ka kalifye.
 - v. Kòmanse pwosesis demann nan nan 240 jou apati dat premye fakti/deklarasyon an.
- c. **Demann Konplè** Y ap konsidere yon aplikasyon pou Èd Finansye kòm yon "aplikasyon konplè" lè yo ranpli kritè sa yo:
- 1. Sèvis Konsèy Finansye Pasyan an resevwa aplikasyon an.
 - ii. Pasyan/moun ki bay garanti a oswa yon reprezantan otorize siyen aplikasyon an.
 - m. Te gen yon repons pou tout kesyon sou demann nan.
 - iv. Yo bay yon verifikasyon revni ki sifizan pou detèmine kalifikasyon.

Yon Konsèy Finansye ap evalye yon demann konplè pou detèmine elijiblite a. Yon Sipèvizè Konsèy Finansye Pasyan yo ap revize tout demann yo pou apwobasyon final la.

- 1. Si tout kritè kalifikasyon yo ranpli kondisyon yo, y ap voye yon lèt apwobasyon bay aplikan an/moun ki bay garanti a k ap bay peryòd kalifikasyon a ak pousantaj rediksyon an.
 - ii. Si tout kritè kalifikasyon yo pa ranpli kondisyon yo, y ap voye yon lèt refi bay aplikan an/moun ki bay garanti a.
 - m. Aplikasyon ki apwouve ak trete yo ap konsève nan yon dosye santral nan Biwo Biznis Santral la (Central Business Office).
- d. **Demann Enkonplè** Si demann pou Èd Finansye a pa konplè, yon Konsèy Finansye ap voye yon lèt suivi bay pasyan an. Lèt sa a ap bay enfòmasyon ki nesèsè pou trete demann nan.

Aplikan an/moun k ap bay garanti a dwe bay dokiman ki nesèsè yo nan 30 jou aprè li fin resevwa lèt suivi a. Si yo pa resevwa enfòmasyon an nan entèval tan sa a, y ap refize demann nan. Y ap voye yon lèt ak rezon refi a bay aplikan an.

Y ap bay yon peryòd gras 30 jou apati dat refi a pou aplikan/moun ki bay garanti a bay plis enfòmasyon. Nan fen peryòd gras 30 jou a, yon nouvo demann dwe gentan ranpli.

- e. **Verifikasyon Revni** Aplikan an/moun k ap bay garanti a dwe bay yon atestasyon revni.

Verifikasyon revni ki akseptab yo se:

- i. 2 dènye souch chèk.
- ii. Yon kopi dènye relve oswa chèk pansyon, sekirite sosyal, chomaj oswa lòt revni.
- m. Pou travayè endepandan yo, Rezilta 3 dènye mwa yo (pwofi ak pèt).
- iv. A Yon kopi dènye deklarasyon enpo yo toutotan li pa gen plis pase 1 mwa.
- v. Yon deklarasyon yon anplwayè ki montre revni brit chak semèn.

v1. Pou pansyon alimantè/sipò pou timoun, yon kopi yon desizyon tribinal oswa yon chèk peman yo te resevwa.

vn. Yon deklarasyon sipò ki siyen pou yon moun ki aplike/manm fanmi ki pa gen okenn revni.

- f. **Peryòd Kalifikasyon** Kalifikasyon pou Èd finansye a ap kòmanse nan dat Sèvis Konsèy Finansye Pasyan an resevwa aplikasyon ki ranpli epi siyen an. Kalifikasyon a ap valab pou yon lane apati dat apwobasyon an. Y ap konsidere yon aplikasyon konplè lè tout kritè kalifikasyon yo ranpli.

Peryòd kalifikasyon an ap kouvri yon peryòd 12 mwa retwoaktif tou, apati dat apwobasyon an. Menm peryòd elijiblite a ap konsène tout manm fanmi ki nan kay la ki elijib, ki sou lis demann nan.

Asistans Finansye ap kanpe si nenpòt ki lè kritè pou kalifikasyon yo chanje nan yon pwen aplikan an vin pa elijib ankò. Sa a kapab chanjman nan revni yo, nan kantite manm fanmi ki nan kay la, oswa kalifikasyon nan pwogram asistans medikal eta a oswa gouvènman an. Nan ka sa yo, y ap enfòme aplikan an atravè yon lèt sou fen asistans lan. Y ap bay pou ki rezon yo kanpe li.

- g. **Sèvis Kalifye Rediksyon Èd Finansye** ki te apwouve pou Pwogram Èd Finansye UMass Memorial Health Care yo ap aplike sèlman pou swen ijan, ijans ak swen medikal ki nesèsè yo. Sa ap gen ladan, men l pa limite a, sèvis pou pasyan ki entène, obsèvasyon, sèvis pou pasyan ekstèn ak transpò anbilans sou tè. Se sèlman ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè yo bay nan UMass Memorial Medical Center, Inc., sa UMass Memorial Medical Center, Inc. bay li menm menm ki garanti. Rediksyon Èd Finansye yo aplike sèlman pou swen sa yo anlwaye UMass Memorial Medical Center, Inc. bay ak lòt frè UMass Memorial Medical Center, Inc. angaje dirèkteman.

- h. **Sèvis ki pa Kalifye** Sèvis ki pa nesèsè medikalman yo p ap kalifye pou rediksyon Èd Finansye a. Sèvis sa yo gen ladan yo, men se pa sa sèlman, chiriji, sèvis esterilite, aparèy oditif (pou tande) ak sèvis sosyal ak pwofesyonèl. Y ap voye fakti pou sèvis ki pa nesèsè sou plan medikal yo.

UMass Memorial Medical Center, Inc. pa anlwaye pwòp doktè pa l. Chak doktè oswa lòt founisè tyès pati, si genyen, faktire pou pwòp sèvis yo epi suiv pwòp Èd finansye yo ak pwosedi faktirasyon ak rekouvman yo. An konsekans, UMass Memorial Medical Center, Inc. ak Politik Èd Finansye, Kredi ak Rekouvman pa kouvri sèvis doktè yo oswa lòt founisè tyès pati yo bay yo.

Dapre deklarasyon ki anwo a, sèvis doktè oswa lòt klinisyen bay nan domèn espesyalite ki idantifye anba yo, Règleman Èd Finansye Lopital ak Kredi epi Rekouvremman UMass Memorial Health yo pa kouvri yo.

Sèvis doktè ak klinisyen selon espesyalite	
Alèji Ak Iminoloji	Newoloji
Anbilans (Ayeryen/Tèrès)	Medikaman pou Obezite
Anestezyoloji	Obstetrik ak Jinekoloji (Ob/Gyn)
Odyoloji	Medsin Travay
Sante Konpòtmantal	Onkoloji
Kadyoloji	Oftalmoloji (Vizyon)
Maladi Kadyo-vaskilè	Òtopedi
Medsin Swen Entansif	Otorinolarengoloji (Zòrèy, Nen ak Gòj)
Medsin Dantè	Medikaman pou Doulè
Dèmatoloji	Patoloji (Anatomik ak Klinik)
Dèmatopatoloji	Pedyatri
Ekipman Medikal Dirab	Medsin Fizik ak Reyadaptasyon
Medsin ijans	Podoloji
Andokrinoloji	Sikyatri
Medsin Familyal	Medsin Pilmonè
Gastwo-antewoloji	Radyo-Onkoloji
Jenetik	Radyoloji
Jewontoloji, Swen Palyatif ak Swen Entansif	Rimatoloji
Ematoloji	Medikaman pou Dòm
Medsin Ospitalye	Medsin Espòtif
Maladi Enfektye	Operasyon Chirijikal
Medsin Entèn	Telemedsin
Laboratwa (Kèt)	Epatoloji Transplantasyon
Nefwoloji (Maladi Ren)	Iwoloji

1. **Baz pou Kalkile Montan yo Faktire** UMass Memorial Medical Center, Inc. ap itilize metòd retwospeksyon pou detèmine pousantaj kantite lajan jeneralman faktire pasyan yo jan li aplike nan kap Politik Èd Finansye UMass Memorial Health Care la. Yo itilize yon konbinezon de frè ak pèman ane anvan yo pou pwodui asirans komèsyal ak Medicare pou detèmine pousantaj rekouvman nèt efikas UMass Memorial Medical Center, Inc. obsève. Kounye a, kantite lajan pasyan yo jije yo kalifye pou benefisye anba Pwogram Èd Finansye pou swen sante UMass Memorial Health Care la se 1% frè brit yo.

Dapre sa ki pi wo a, UMass Memorial Health Hospitals. pa voye fakti pou montan frè brit yo pou pasyan ki kalifye pou benefisye Pwogram Èd Finansye pou swen sante UMass Memorial Health Care la.

Pasyan ki kalifye pou Pwogram Èd Finansye UMass Memorial Health Care epi ki gen kouvèti asirans ap gen obligasyon finansye yo (tankou ko-pèman ak franchiz) aprè pèman pou asirans yo ki limite a pa plis pase 27% nan total chaj brit yo.

Tout reklamasyon asirans, pèman ak ajisteman yo ap fèt epi pran an kont anvan nenpòt rediksyon Èd finansye yo aplike aplike rabè asistans lan.

- J. **Enfòmasyon ak Èd** Enfòmasyon konsènan Politik Èd Finansye UMMH, Rezime nan lang klè, ak Demann pou Èd Finansye yo disponib, yo gratis sou sitwèb UMMH a, epi yo afiche nan lokal lopital ak klinik yo.

Ou ka jwenn enfòmasyon siplemantè tou konsènan pousantaj ak kalkil AGB (Amount Generally Billed - Montan yo Faktire Jeneralman) yo alekri ansanm ak Èd pou w aplike pou pwogram Èd Finansye nou yo gratis. Tanpri kontakte:

Konsèy Finansye pou Pasyan UMMH yo
67 Millbrook Street, Worcester, MA 01606
Telefòn: 508-334-9300

Imèl Internal UMMH: Imèl Financial Counseling
External: needinsurance@umassmemorial.org

Ou ka jwenn règleman sou Kredi ak Rekouvremant epi Èd Finansye Lopital UMass Memorial Health la, rezime nan yon langaj ki klè ak aplikasyon an nan plizyè lang tou, sou sitwèb UMass Memorial Health la: <https://www.ummhealth.org/patients-visitors/financial-counseling> anba seksyon Règleman sou Èd Finansye, Enstriksyon ak Aplikasyon yo.

VI. **Kouvèti Asirans Siplemantè ak Swen ki Gen Rabè Lopital UMass Memorial Health yo ofri to Pasyan yo**

- a. **Kontinyasyon Kouvèti Asirans lan** - Malgre Biwo Health Safety Net la pa kouvri li, Sant Medikal UMass Memorial la ap kontinye pwolonje pwoteksyon Swen Gratis pou sèvis machin anbilans ki nesèsè sou pwèn medikal pou Pasyan ki pa Gen Gwo Revni ki apwouve UMass Memorial EMS./Worcester EMS transpòte.
- b. **Rediksyon pou pèman rapid** – UMass Memorial Medical Center, Inc. ka bay pasyan nenpòt nivo revni ki peye rediksyon, oswa ki peye oswa garanti ak kat kredi, balans Peman Dirèk yo anvan oswa imedyatman aprè prestasyon sèvis yo. Rediksyon an reflète valè tanporèl lajan an, evite depans faktirasyon ak Rekouvremant epi evite risk kredi. Rediksyon estanda a ap 20% nan obligasyon nèt pasyan an. Yo pa ka pwopoze okenn rediksyon ki pi wo, sòf si yo baze sou sikonstans inik ak si Vis Prezidan Asosye (AVP) k ap jere Faktirasyon Lopital apwouve l.

VII. **Pwosedi Faktirasyon ak Rekouvremant**

UMass Memorial Medical Center, Inc. dwe administre pwosesis faktirasyon ak Rekouvremant ki efikas epi ki rantab nan sekirize kantite lajan yo dwe UMass Memorial Medical Center, Inc., pou ranpli obligasyon finansye nou yo epi kontinye misyon nou ki se bay pasyan yo ak kominote n ap sèvi yo bon jan swen sante. Nou pran angajman pou fè pratik faktirasyon ak Rekouvremant nou yo nan yon fason ki jis epi nan respè pou pasyan nou yo ak fanmi yo, jan sa endike anba a.

Reprezantan Sèvis Finansye Pasyan yo disponib nan telefòn pou ede pasyan yo regle fakti medikal yo.

- a. **Faktirasyon Tyès Pati Peyè yo** - Lopital UMass Memorial Health yo ap soumèt demann ranbousman pou tout sèvis ki kouvri yo bay konpayi asirans sante pasyan an oswa yon lòt moun ki responsab pou peye si pasyan an te bay enfòmasyon sa yo alè epi avèk presizyon. Y ap soumèt reklamasyon sa yo kou sa posib apre dat egzeyat la oswa dat sèvis la. Pasyan yo rete responsab sou plan finansye pou nenpòt sèvis ki pa kouvri, kopeman, montan ko-asirans, franchiz ak/oswa lòt montan ki dwe anba kondisyon plan avantaj yo a jan konpayi asirans sante yo a detèmine sa. Pasyan yo responsab pou yo konprann epi respekte egzijans referans, otorizasyon, ak lòt egzijans kouvèti konpayi asirans yo a. Pasyan yo responsab pou peye

**Si Iyen ki nan politik sa a pa mache, notifie PolicyAdministrator@umassmemorial.org.

nenpòt sèvis konpayi asirans yo a refize ba yo tou, nan limit kontra ak règleman an pèmèt.

Sèvis Faktirasyon UMass Memorial Medical Center, Inc. la ap fè tout efò rezonab pou li rezoud kont ak pèman twazyèm pati yo, tankou apèl demann yo refize yo. Rapò sou kont ki pa peye yo ap pwodui regilyèman, Anplwaye Faktirasyon Lopital ak Direksyon an ap egzaminen yo epi pousoiv ak peyè yo. Si, malgre efò sa yo, UMass Memorial Medical Center, Inc. pa te resevwa pèman oswa lòt rezolisyon apwopriye nan men yon peyè ki pa gen kontra, nan yon kantite tan rezonab, yo ka voye yon lèt bay pasyan an pou fè yo konnen konpayi asirans lan pa reyisi regle demann pèman an. Si se yon peyè ki pa gen kontra ki pa peye kont lan, pasyan an ka sibi Pwosesis Peman Dirèk ak Rekouvremant nòmal la, nan mezi lalwa pèmèt li. UMass Memorial Medical Center, Inc. ap fè menm efò a pou kolekte kont pou swen ijans pou pasyan ki pa gen asirans yo, menm jan li fè pou kolekte kont pou swen ki pa swen ijans yo, dapre kondisyon Politik sa a ak lwa ki aplikab yo.

b. Pwosesis Faktirasyon ak koleksyon pou Oto-Finansman

1. Pasyan ki gen responsablite pou peye pou tèt yo ap resevwa yon premye fakti ki dekri aklè sèvis yo responsab pou peye yo.
11. Pou tout responsablite Peman Dirèk ki rete san peye aprè premye fakti a, pasyan an ap resevwa yon seri de relve chak mwa, pandan omwen 11 mwa oswa jiskaske balans lan regle. Dènye relve a ap endike li se yon avi final. Y ap voye yon dènye avi pa kourye sètifye bay pasyan an pou montan ki depase \$1,000 pou swen ijans.
111. Lè yo retounen yon relve kont pasyan pou yon adrès ki pa kòrèk, Lopital UMass Memorial Health yo ap eseye rele pasyan an pou jwenn yon adrès ki kòrèk sou tout balans ki depase \$1,000. Yo voye tout balans yo bay yon vandè pou yo verifye epi eseye jwenn yon adrès ki kòrèk lè l sèvi avèk baz done tankou NCOA (National Change of Address Association).
- 1v. Anplwaye Sèvis Finansye pou Pasyan yo oswa moun ki deziyen yo ap rele tout pasyan ki gen yon balans pou Peman Dirèk \$1 oswa pi plis nan telefòn pandan pwosesis faktirasyon ak Rekouvremant Peman Dirèk nòmal la.
- v. Yo ka voye lòt avi ak/oswa lèt bay pasyan ki gen dèt yo pandan pwosesis faktirasyon ak Rekouvremant an pou regle balans yo.
- v1. Tout efò sa yo pou kolekte dèt yo, ansanm ak demann ransèyman pasyan yo, y ap dokimante nan sistèm faktirasyon enfòmatrik la epi y ap disponib pou revizyon Direksyon an.
- v11. Si aprè tout aksyon ki anwo yo, epi si Depatman Sèvis Finansye Pasyan yo ak Konpansasyon Finansye te fin fè tout efò yo pou detèmine si yon pasyan satisfè kritè kalifikasyon pou patisipe nan pwogram Èd Finansye ki dekri nan politik sa a, èske y ap pran youn nan aksyon ki anba yo.
- v111. Kont ki pa regle aprè 111 jou ak efò Rekouvremant yo dekri pi wo a pral nan revizyon pou yo anile kòm Dèt ki pa Peyè, jan sa a ekri a:

<u>Balans</u>	<u>Nivo Evalyasyon</u>
\$0-\$3000	Sipèvizè a pral fè yon verifikasyon
\$3 001-\$10 000	aleyatwa.
\$10 001-\$50 000	Direktè
\$50,000 ak piwo	Jeneral

- Ix. UMass Memorial Health Hospitals. ap verifiye Sistèm Verifikasyon Kalifikasyon MassHealth (EVS) la pou kouvèti anvan yo soumèt demann ranbousman yo bay Biwo Health Safety Net pou kouvèti dèt ki pa peye yo pou ijans oswa sèvis swen ijan.
- x. Ajans Faktirasyon/Rekouvremant Ekstèn – UMass Memorial Medical Center, Inc. ka itilize ajans faktirasyon ak Rekouvremant ekstèn pou ogmante efò pou rezoud kredi ki pa peye yo, epi/oswa transfere Kont Dèt ki pa Peye yo bay ajans Rekouvremant ekstèn yo pou plis pousuit. Tout ajans Rekouvremant fakti k ap travay nan non UMass Memorial Medical Center, Inc. ap angaje yo alekri pou yo respekte pratik ak estanda Rekouvremant UMass Memorial Medical Center, Inc. ak lalwa ki aplikab yo.
- x1. Ko-asirans Medicare, ko-pèman ak franchiz yo jije kòm dèt ki pa peye yo ap trete an akò avèk pwosedi faktirasyon ak Rekouvremant pou peman dirèk an, jan sa espesifye pi wo a, dapre lalwa ki aplikab la. Ajans Rekouvremant ekstèn yo ap pousuiv efò Rekouvremant yo pou yon peryòd pa mwens pase 1 jou anvan yo retounen kont yo bay UMass Memorial Health Hospitals. kòm kont yo pa ka kolekte.
- c. **Aksyon Ekstrawòdinè pou Rekouvremant (Extraordinary Collection Actions, “ECA”)**
1. Lopital UMass Memorial Health yo p ap "vann" dèt pasyan bay okenn ajans tyès pati sof si tyès pati sa a dakò pou anile tout dèt pasyan an epi pa angaje l nan okenn aksyon rekouvremant ki gen rapò avèk dèt UMass vann.
- It. Lopital UMass Memorial Health yo p ap angaje yo nan pran Aksyon Rekouvremant Ekstrawòdinè.
- d. **Sèvis Kliyantèl** – UMass Memorial Health Hospitals. anplwaye yon ekip Reprèzantan Sèvis Finansye Pasyan pou reponn enkyetid pasyan yo ak kesyon konsènan fakti yo. Ekip la disponib nan telefòn ak an pèsòn Lendi-Vandredi soti 9:00 AM jiska 4:30 PM.
- e. **Plan Pèman** – Moun ki eksprime difikilte pou yo respekte obligasyon finansye yo (aprè tout opsyon pwoteksyon yo fin itilize) y ap ofri yo yon plan peman bidjetize chak mwa. Moun ki gen yon balans \$1,000 oswa mwens yo, y ap ofri yo omwen yon plan peman yon ane san enterè ak yon peman pa mwa minimòm, pa plis pase \$25. Y ap ofri yon moun ki gen yon balans plis pase \$1,000, aprè premye depo a, yon plan peman san enterè k ap ale jiska de (2) lane. Yo ka akòde plan peman pi long yo avèk apwobasyon manadjè a. Pasyan ki sispann fè peman bidjetize chak mwa san yo pa jwenn yon lòt solisyon ap tonbe nan Pwosesis Faktirasyon ak Rekouvremant Peman Dirèk nòminal yo, tankou refere bay yon ajans Rekouvremant ekstèn.
- f. **Enterè** – UMass Memorial Health Hospitals. pa pran enterè sou montan Peman Dirèk yo.
- g. **Kondisyon Depo** - Lopital UMass Memorial Health yo pa dwe mande depo pre-admisyon ak/oswa pre-tretman pou pasyan ki bezwen sèvis ijans oswa swen ijans oswa yo detèmine

kòm Pasyan ki gen Health Safety Net/Pa Gen Gwo Revni. Lopital UMass Memorial Health yo rezève dwa pou mande depo davans nan ka ki annapre yo:

1. Pasyan pou resevwa sèvis estetik oswa sèvis ki pa nesèsè medikalman gendwa oblije peye yon montan jiska 1% frè yo prevwa anvan sèvis la.
11. Pasyan ki pa gen kouvèti asirans ki verifye epi ki pa kalifye pou estati Health Safety Net/ Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni ki ba yo ka oblije peye yon depo davans si sèvis yo dwe fè a fakiltatif. Si w pa respekte egzijans depo a, sa ka lakòz ranvwa oswa yo ka repòte sèvis la ak apwobasyon medsen an chèf.
111. Pasyan k ap vwayaje soti nan peyi etranje pou ale nan UMass Memorial Health Hospitals. pou tretman fakiltatif yo ka oblije peye tout fakti yo estime a davans.
- 1v. Yo ka mande pasyan Partial Health Safety Net yo pou yo peye jiska 1% oswa \$500, selon montan sa ki pi piti a, nan montan franchiz pou sèvis ki pa ijan yo.
- v. Yo ka mande pasyan Medical Hardship yo pou yo peye jiska 20% oswa \$1000, selon montan sa ki pi piti a, nan montan franchiz pou sèvis ki pa ijan yo.
- v1. Yo ka mande pasyan ki gen asirans ki dwe peye ko-asirans yo, franchiz ko-pèman oswa lòt responsablite manm dapre plan benefis yo pou yo peye montan sa yo, oswa pou sekirize yo atravè yon kat kredi, anvan sèvis la.
- h. **Privilèj** – Nan kad aktivite woutin nan biznis, UMass Memorial Medical Center, Inc. pral sèlman envoke privilèj pou sekirize enterè UMass Memorial Medical Center, Inc. nan Politik tranzaksyonèl Twazyèm Pati oswa jan sa nesèsè pou garanti Enterè UMass Memorial Medical Center, Inc. nan kad pwosedi jidisyè yo. Yo p ap kenbe okenn privilèj sou rezidans prensipal yon pasyan oswa machin li san apwobasyon alekri anvan Konsèy Administrasyon UMass Memorial Medical Center, Inc. an. Tout apwobasyon Konsèy Administrasyon an ap fèt sou yon baz endividyèl epi y ap bay pasyan an yon avi alekri pou 30 jou.
1. **Aksidan Otomobil/Responsablite Twazyèm Pati** – UMass Memorial Medical Center, Inc. ap soumèt yon demann pèman bay Biwo Health Safety Net (Health Safety Net Office , HSNO) pou yon Pasyan ki gen revni fèb ki blese nan yon aksidan otomobil sèlman apre yo fin verifye si pasyan an, chofè ak/oswa pwopriyetè machin nan te gen yon kontra asirans otomobil. UMass Memorial Medical Center, Inc. ap fè efò rezonab pou jwenn tout enfòmasyon sou asirans nan men pasyan an epi kenbe prèv efò sa yo, tankou dokiman ki lye ak apèl telefonik ak lèt yo voye bay pasyan an. UMass Memorial Medical Center, Inc. ap ranbouse Biwo Health Safety Net la tout pèman li resevwa si yo idantifye nenpòt resous yon twazyèm pati epi si UMass Memorial Medical Center, Inc. resevwa pèman an.
- J. **Fayit** – Y ap entèwonp tout aktivite faktirasyon ak Rekouvremant pou pasyan ki fè yon deklarasyon pou Fayit menm moman yo fin resevwa Avi Fayit la.
- k. **Dwa ak Responsablite Pasyan yo** – UMass Memorial Health Hospitals. ap enfòmè kèk pasyan sou dwa ak responsablite yo, chak fwa pasyan an kominike avèk pèsonèl enskripsyon an, jan yo note sa pi ba a.
 - i. UMass Memorial Health Hospitals. pral enfòmè pasyan yo sou dwa pou yo:

1. Aplike pou MassHealth, yon Pwogram Pèman Asistans Prim Health Connector, yon Plan Sante Kalifye ap jere, Difikilte Medikal ak detèminasyon Health Safety Net.
 2. Yon plan pèman, jan sa endike nan pwosesis faktirasyon ak koleksyon oto-pèman nou an.
11. Pasyan ki resevwa Sèvis ki Kalifye pou Health Safety Net yo dwe:
1. Bay tout dokiman ki obligatwa yo.
 2. Enfòmasyon MassHealth oswa UMass Memorial Health Hospitals. sou tout chanjman nan revni kay la/fanmi an, nan asirans sante ak estati responsablite sivil.
 3. Swiv franchiz familyal anyèl la jan yo detèmine pou pasyan ki gen revni ant 150% ak 300% selon nivo povrete federal la epi, bay UMass Memorial Health Hospitals. dokiman ki montre yo atenn franchiz la lè yo detèmine plis pase yon manm PBFK kalifye oswa si pasyan an oswa manm fanmi an resevwa sèvis Health Safety Net nan men plis pase yon founisè.
 4. Enfòmasyon Biwo Health Safety Net oswa MassHealth alekri nan espas 10 jou aprè yo fin entwodui yon aksyon an jistis oswa yon demann pèman k ap kouvri pri sèvis lopital la ofri yo. Anplis de sa, yon pasyan oblije bay Ajans MassHealth dwa pou yon pèman yon twazyèm pati k ap pral kouvri depans sèvis Biwo Health Safety Net oswa MassHealth peye yo epi, depoze yon demann pou konpansasyon.
 5. Ranbouse Health Safety Net Office la tout sòm lajan ou resevwa nan men yon twazyèm pati ki gen rapò ak yon aksidan oswa yon ensidan pou sèvis medikal Health Safety Net Office te peye.
 6. Health Safety Net Office ap resevwa dirèkteman nan men pasyan an, sèlman si pasyan an te resevwa pèman nan men yon twazyèm pati pou sèvis medikal Health Safety Net Office peye yo.
 7. Biwo Health Safety Net la ka mande Depatman Revni an entèsepte nenpòt peman bay yon pasyan pou sèvis yo bay pou yon demann ranbousman yo soumèt epi Health Safety Net peye pou Dèt Ijans ki pa Peye

1. Egzanpsyon pou Faktirasyon ak Aksyon Rekouvremant pou Peman Dirèk – UMass Memorial Health Hospitals. p ap antreprann aktivite faktirasyon ak Rekouvremant pou Peman Dirèk nan ka sa yo:

1. Lè gen ase prèv ki montre yon pasyan se yon moun k ap resevwa Èd Ijans pou Moun Aje, Moun ki Gen Andikap ak Timoun (Emergency Aid to the Elderly, Disabled and Children, EAEDC), oswa li enskri nan MassHealth, Health Safety Net, Plan Sekirite Medikal pou Timoun, epi revni fanmi li egal ak oswa mwens pase 300% nan FPL la oswa yo deziyen kòm Pasyan ki pa Gen Gwo Revni, eksepte pou pasyan ki pa Gen Gwo Revni ki resevwa Swen Dantè Sèlman jan Biwo Medicaid la detèmine sa, eksepte kopeman ak franchiz ki obligatwa dapre Pwogram Èd lan. Pasyan ki pa Gen Gwo Revni, apa pasyan ki pa Gen Gwo Revni ki resevwa Swen Dantè sèlman, kote revni moun nan kay la pou MAGI MassHealth oswa Revni Kontab Familyal ki gen Difikilte Medikal, jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(2), plis pase 150% epi mwens pase oswa egal ak 300% nan FPL la egzante de Aksyon Rekouvremant pou pòsyon fakti Founisè yo a ki depase franchiz la epi yo ka faktire pou franchiz jan yo di sa nan 101 CMR 613.04(8)(b).
11. Lopital la te mete kont lan nan atant sou plan jiridik oswa administratif epi/oswa aranjman espesifik pou pèman yo te fè ak pasyan an oswa moun ki bay garanti a.

**Si lyen ki nan politik sa a pa mache, notifie PolicyAdministrator@umassmemorial.org.

- m. Fakti pou difikilte medikal ki depase kontribisyon pou difikilte medikal la.
- lv. Kontribisyon Difikilte Medikal ki rete yon det pandan peryòd kalifikasyon MassHealth oswa pou Revni ki Fèb yon pasyan.
- v. Sòf si UMass Memorial Health Hospitals. verifye sistèm EVS la pou detèmine si pasyan an te depoze yon demann pou MassHealth.
- vl. Pou Health Safety Net Partial ki kalifye, eksepte pou franchiz obligatwa yo.

UMass Memorial Health Hospitals. ap kòmanse aktivite faktirasyon ak aktivite Rekouvremant pou peman dirèk pou pasyan ki kalifye nan Health Safety Net ak Medikal Difikilte sou demann yo pou:

- 1. Sèvis yo bay ki pa nesèsè sou plan medikal pasyan an bay konsantman l alekri oswa
- 11. Pou pèmèt pasyan an atenn Franchiz ki obligatwa pou Common-Health la

Pa gen okenn chanjman nan règleman sa a ou ka fè poukont ou oswa yon fason endepandan.

Definisyon

VID. Glosè

Ajans MassHealth

Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal yo, an akò ak dispozisyon M.G.L. c. 118E.

Aksyon Ekstrawòdinè pou Rekouvremant (Extraordinary Collection Actions, “ECAs)

Aksyon rekouvremant ki gen ladan vann det yon pasyan bay yon lòt pati (eksepte lè yo ranpli kondisyon espesyal ki tabli yo), siyale bay ajans oswa biwo kredi, ranvwaye, refize, oswa egzije yon peman anvan yo bay swen medikal ki nesèsè akòz moun pa peye youn oswa plizyè fakti pou swen ki te deja kouvri anba règleman èd finansyè lopital la, ak mezi ki mande pwosesis legal oswa jidisyè tankou mete sele sou pwopriete yon pasyan, sezi byen imobilye, sezi yon kont labank oswa nenpòt lòt byen pèsonèl, kòmanse yon aksyon sivil kont yon pasyan, lakòz arestasyon yon pasyan, lakòz yon pasyan gen manda pou yo arete l; ak sezi salè yon pasyan.

Aksyon Koleksyon

Tout aktivite kote yon Founisè oswa ajan deziyen mande peman pou sèvis nan men yon Pasyan, yon moun ki bay garanti pou Pasyan an, oswa yon twazyèm pati ki responsab pou peman. Aksyon Rekouvremant yo se aktivite tankou depo avan admisyon oswa avan tretman, relve faktirasyon, lèt suivi Rekouvremant an, kontak telefonik, kontak pèsonèl, ak aktivite ajans Rekouvremant ak avoka yo.

Dèt ki pa Peye

Yon fakti pou peye ki baze sou sèvis yo bay yon Pasyan yo konsidere kòm moun ki pa ka rekipere, aprè efò Rekouvremant rezonab ki konfòm avèk kondisyon ki nan 101 CMR 613.06; chaje kòm yon pèt kredi; ki pa obligasyon yon inite gouvènmantral oswa gouvènman federal la oswa youn nan ajans sa yo; epi yo pa yon Sèvis Sante ki Ranbousab.

Difikilte Medikal

Kalite Health Safety Net ki disponib pou rezidan Massachusetts yo kèlkeswa nivo Revni Denonbrab yo, ki gen depans medikal akseptab yo tèlman diminye Revni Denonbrab yo, yo vin pa kapab peye pou Sèvis ki Elijib yo, jan sa dekri nan règleman 101 CMR 613.05.

EMTALA.

Lwa sou Tretman Medikal an Ijans ak Travay Aktif selon kòd 42 USC 1395dd a

EVS

Sistèm Verifikasyon Elijibilite pou MassHealth la.

Founisè

Yon Lopital Swen Entansif oswa Yon Sant Sante Kominotè ki bay Sèvis ki Elijib.

Health Safety Net

Pwogram pèman an etabli ak administre an akò ak M.G.L. c. 18E, §§ 8A, ak 64 jiska 69 ak politik yo pibliye anba yo, ak lòt lwa ki aplikab yo.

Health Safety Net Office

Biwo ki nan Biwo Medicaid la ki etabli anba M.G.L. c. 11E, § 65.

Health Safety Net – Partial

Yon Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni ki ba ki kalifye pou swa Health Safety Net – Primary oswa Health Safety Net - Secondary ki dokimante revni famiyal MassHealth MAGI oswa Medical Hardship Family Countable Revenu, jan sa dekri nan politik 101 CMR 613.04(1), ant 150.1% ak 300% nivo FPL la, yo konsidere yo kòm benefisyè Health Safety Net – Partial, jan sa dekri nan politik 101 CMR 613.04(4)(b)3 - Partial jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(4)(b)3.

Kondisyon medikal an ijans

Yon pwoblèm medikal, kit se fizik oswa mantal, ki manifeste tèt atravè sentòm egi ki ase grav, tankou doulè grav, pou yon moun rezonab ki gen yon konesans mwayèn sou sante ak medsin pa ta kwè si yo pa bay moun sa a swen medikal ap atann li sa ap mete sante pasyan an an danje, afekte fonksyon kò a, oswa nenpòt ògàn oswa yon pati nan kò a sispann fonksyone, oswa, nan sa ki gen rapò ak yon fanm ansent, jan sa defini pi devan nan 42 U.S.C. § 1395dd(e)(1)(B).

Konektè Swen Sante

Commonwealth Health Insurance Connector Authority oswa Health Connector etabli dapre c.176Q, § 2.

Lopital UMass Memorial Health yo

Pou rezon règleman sa a, se UMass Memorial -Harrington Hospital, Inc., UMass Memorial HealthAlliance-Clinton Hospital, Inc, Marlborough Hospital, UMass Memorial Health-Milford Regional Medical Center, Inc., ak UMass Memorial Medical Center, Inc.

MassHealth

Pwogram èd medikal ak avantaj Ajans MassHealth la administre dapre Tit XIX nan Lwa Sekirite Sosyal la (42 U.S.C. 1396), Tit XXI nan Lwa Sekirite Sosyal la (42 U.S.C. 1397), M.G.L. c. 118E, ak lòt lwa ak egzansyon ki aplikab pou bay epi peye pou sèvis medikal pou manm ki kalifye yo.

Moun ki Bay Garanti a

Yon moun oswa yon gwoup moun ki asime responsablite yo pou yo peye pou tout oswa pou yon pati nan frè sèvis yon Founisè.

Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL)

Gid federal sou revni povrete yo pibliye chak ane nan Rejis Federal la.

**Si lyen ki nan politik sa a pa mache, notifie PolicyAdministrator@umassmemorial.org.

Pasyan ki gen Revni ki Fèb yo

Yon moun ki reponn kritè ki enonse nan atik 101 CMR 613.04(1).

Pasyan ki Gen Asirans ki Pa Kouvri Tout Bagay

Yon Pasyan ki gen Plan Asirans Sante oswa plan oto-asirans li ki pa peye an antye oswa an pati, pou Sèvis Sante ki elijib pou pèman nan Health Safety Net Trust Fund, depi Pasyan an respekte nòm kalifikasyon revni ki tabli nan règleman 101 CMR. 613.04.

Pasyan ki Pa Gen Asirans

Yon Pasyan ki abite nan Commonwealth la, ki pa kouvri anba yon Plan Asirans Sante oswa yon plan oto-asirans, epi ki pa kalifye pou yon pwogram Èd medikal. Yon Pasyan ki gen yon politik asirans sante oswa ki se yon manm nan yon pwogram asirans sante oswa yon pwogram prestasyon ki egzije pou Pasyan sa a peye franchiz oswa ko-pèman oswa ki pa kouvri kèk sèvis oswa yon pwosedi medikal ki pa san asirans.

Plan Asirans Sante

Medicare, MassHealth, Pwogram Èd Pèman Prim Health Connector ap jere, yon Plan Sante Kalifye, oswa yon kontra endividyèl oswa kontra gwoup oswa yon lòt plan ki bay kouvèti sèvis swen sante yon konpayi asirans sante, jan sa defini nan M.G.L. c. 175, 176A, 176B, 176G, or 176I.

Plan Sekirite Medikal Timoun yo (Children's Medical Security Plan, CMSP)

Yon pwogram sèvis swen sante pedyatrik primè ak prevantif pou timoun ki kalifye, depi nesans jiska laj 18 an, Ajans MassHealth la ap administre dapre M.G.L. c. 118E, § 10F.

Pwogram Asistans Finansye

Yon pwogram Èd finansye se yon pwogram ki la pou ede pasyan ki gen revni fèb ki pa gen kapasite pou peye pou sèvis swen sante yo. Èd sa a ta dwe pran kapasite chak moun pou kontribiye nan depans swen li yo an konsiderasyon, tankou yon revizyon tout sous revni famiyal ak sitiyasyon lòt asirans yo. Yo pran an konsiderasyon tou pou pasyan ki fin itilize prestasyon asirans yo ak/oswa ki depase kritè kalifikasyon finansye yo men ki fè fas ak depans medikal ekstraòdinè. Yon pwogram Èd finansye pa ranplase yon pwogram anplwayè a patwone, yon Èd Finansye piblik, oswa yon pwogram asirans ki achte ak tit endividyèl.

Revni Brit

Total lajan ou touche oswa ou pa touche, tankou salè, lwaye, pansyon, oswa enterè, resevwa nan nenpòt sous san yo pa konsidere dediksyon yo.

Rezidan

Yon moun k ap viv nan Commonwealth Massachusetts la avèk entansyon pou rete jan sa defini nan 130 CMR 503.002(A) jiska (D). Moun yo pa konsidere kòm rezidan yo se moun ki te vin nan Massachusetts pou resevwa swen medikal nan yon lòt anvwonman ki pa yon mezon retrèt, epi ki gen yon rezidans ki pa nan Massachusetts; moun ki pa konnen ki kote yo ye; oswa prizonye nan enstitisyon penal eksepte nan sikonstans ki annapre yo: yo se pasyan entène nan yon etablisman medikal; oswa y ap viv deyò enstitisyon penal la, yo an libète sou kondisyon, pwobasyon, oswa siveyans elektwonik, epi yo pa retounen nan enstitisyon an pou pase nwit lan.

Sèvis Ijans yo

Sèvis ki Medikalman Nesesè yo bay yon moun ki nan yon Kondisyon Medikal Ijan.

Sèvis ki Elijib yo

Sèvis ki kalifye pou pèman Health Safety Net dapre 101 CMR 613.03. Sèvis ki Kalifye yo se Sèvis Sante Ranbousab pou Pasyan ki Pa Gen Gwo Revni; Difikilte Medikal; ak Dèt ki pa Peye jan yo presize l nan 101 CMR 613.00 ak 614.00: Pèman ak Finansman Health Safety Net.

Sèvis Lopital

Sèvis ki endike sou lisans yon Lopital Swen Entansif Ministè Sante Piblik bay. Sèvis yo bay nan inite swen tranzisyon yo; sèvis yo bay nan etablisman swen enfimyè kalifye; ak sèvis sante nan kay, oswa sèvis otorize separeman, tankou pwogram tretman rezidansyèl ak sèvis anbilans yo pa ladan l.

Sèvis Nesèsè Medikalman

Yon sèvis nou atann yon fason ki rezonab pou yo prevwa, dyagnostike, anpeche li agrave, soulaje, korije, oswa trete pwoblèm ki mete lavi an danje, lakòz ou soufri oswa gen doulè, lakòz yon defòmasyon oswa yon move fonksyonman fizik, ki menase pou pwovoke oswa agrave yon andikap, oswa mennen yon maladi oswa enfimite. Sèvis medikal ki nesèsè genyen ladan l sèvis ki otorize pou pasyan ki entènè epi ki pa entènè nan kad Tit XIX nan lwa sou Sekirite Sosyal.

Sèvis Swen Ijan

Sèvis Medikal ki Nesèsè yo bay nan yon Lopital Swen Entansif oswa nan yon Sant Sante Kominotè aprè aparisyon bridsoukou yon pwoblèm medikal, kit se fizik oswa mantal, ki manifeste tèt li atravè sentòm grav ki ase entans (tankou doulè grav) yon pwofàn ki pridan ka wè absans yon entèvansyon medikal nan espas 24 èdtan ka rezonabman mete sante Pasyan an an danje, pwovoke pwoblèm nan fonksyon kòporèl, oswa yon move fonksyonman yon ògàn oswa yon pati nan kò a. Yo bay Sèvis pou Swen Ijan yo pou pwoblèm ki pa mete lavi an danje epi ki pa prezante yon gwo risk pou gen domaj grav sou sante yon moun. Sèvis pou swen ijans pa gen ladan l swen primè oswa ki fakiltatif.

Sèvis Swen Sante

Sèvis (sa yo bay nan milye ospitalye oswa abilatwa) nou atann yon fason ki rezonab pou yo prevwa, dyagnostike, anpeche li agrave, soulaje, korije, oswa trete pwoblèm ki mete lavi an danje, lakòz ou soufri oswa gen doulè, lakòz yon defòmasyon oswa yon move fonksyonman fizik, ki menase pou pwovoke oswa agrave yon andikap, oswa pwovoke yon maladi oswa enfimite.

Twazyèm Pati

Tout moun, antite, oswa pwogram ki responsab pou peye tout oswa yon pati nan depans pou sèvis medikal yo.

Kritè Obligatwa pou Pwosedi a

Pa Aplikab

Pwosedi Espesifik pou Antite/Depatman

Pa Aplikab

Materyèl Siplemanè

Pa Aplikab

Referans

Pa Aplikab